



BYENVINI NAN CHI SANT SANTE **KONPÒTMANTAL PA OU LA**

Nan non Konsèy Administrasyon an, Prezidan/Fonksyonè Egzekitif an Chèf la avèk ekip Community Health of South Florida la, (CHI), nou akeyi ou nan Sant Sante Konpòtmantal ou a. Objektif pa nou se pou bay swen ki ekselan ki pou depase atant ou.

CHI te ouvè nan lane 1971 pou reponn a bezwen sante ke kominote a mande. Nou akredite pa "Joint Commission" menm ajans akreditasyon ki akredite lopital yo, e ki angaje a bay swen ki siperyè, ki gen bon kalite, e ki aksesib a tout moun, ki enkli ladan yo sa ki gen asirans, sa ki san asirans, ak sa ki pa gen ase asirans. Nou vin grandi apre plizyè lane an yon gwo òganizasyon avèk plis pase 800 anplwaye, 80 pratikan, 11 sant sante ak 31 sant sante ki baze nan lekòl.

Pou ede nou bay swen ki pi bon ke nou ka bay la e ki gen mwens danje pou ou nou ta renmen ou okouran de enfòmasyon sila yo sou Sant Sante Konpòtmantal ou a avèk tou konsèy sou sekirite ki kapab ede ou.

SANT SANTE KONPÒTMANTAL

Yon Sant Sante Konpòtmantal se yon modèl ki la pou bay swen sante ki ankouraje yon relasyon pèsònèl avèk Ekip Swen ou a nan Sant Sante nou an. Konsantrasyon nou nan Mezon Sante Konpòtmantal nou an se pasyan nou ki bezwen swen primè avèk swen sante konpòtmantal nan CHI. Ekip swen sante ou a enkli Doktè a oswa Pratikan Sante a, Terapis, Sikològ, Responsab Ka, lidè Reyabilitasyon Sosyal, Ekip Enfimiyè, Espesyalis Sèvis Finansye pou Pasyan, avèk Koòdonatè Swen. Anplis de sa, Ekip Swen Sante ou a kapab jwenn sipò nan men lòt pwofesyonèl swen sante CHI, tankou Nitrisyonis, Famasyen ak Travayè Sosyal. Objektif ekip sa a se pou mete tèt ansanm avè ou pou jere e fasilite tout bezwen swen sante ou e bati yon relasyon avèk ou pou swen sante a lon tèm.

Lidè Ekip Swen Sante a nan Mezon Sante Konpòtmantal ou a se pratikan primè ou; Doktè oswa Enfimiyè ki asiyen a ou menm nan.

Nan Mezon Sante Konpòtmantal ou a men a kisa ou kapab atann ou:

1. Ou kapab chwazi oswa yo kapab asiyen ou a youn nan doktè nou yo, Pratikan Swen Sante e Ekip ki ap bay swen an. Pou ou chwazi yon Pratikan, kite staf nou an konnen kilè ladan yo ou vle wè lè ou fèk rive oswa nenpòt lè pandan ou ap pran swen. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Pratikan nou yo anvan ou vini, pase sou sit wèb nou nan:

www.chisouthfl.org.

2. Nou ap fè tout efò ki posib pou asire nou ke tout randevou ou ak bezwen sante ou yo byen jere pa ekip Swen Sante ki deziyen a ou menm nan. Nou pral bezwen èd ou nan sa. Tanpri planifye tout randevou ou yo avèk menm Pratikan an, e mande pou ou wè avè-l' menm lè ou vini san randevou. Nou ankouraje ou pou ou fè randevou avèk yon diferan Pratikan si se sa ou ta renmen.
3. Ekip Swen Sante a responsab pou vizit ou yo, referans a espesyalis e pou tès, renouvèlman medikaman, repons a kestyon ou avèk fòm ki pou ranpli. Pratikan ki asiyen a ou a, ki sèvi kòm lidè Ekip Swen Sante ou a, travay avèk rès ekip la pou asire ke tout swen ou bezwen fèt okonplè e reponn a bezwen pa ou yo ki idantifye.
4. Pou ou **fè yon randevou** avèk Pratikan ou an rele nan **305-252-4820 a nenpòt kilè**. Ou kapab tou fè yon **randevou pou pwochen jou a** oswa yon **randevou pou menm jou a** avèk Pratikan an.
5. **Ou kapab rele nou 24 è pa jou, 7 jou pa semenn** avèk nenpòt enkyetid oswa pwoblèm ou ka genyen, pou bezwen preskripsyon, pou rezilta tès laboratwa avèk demann randevou ijans, ou ka rele sit primè ou, oswa ou ka rele nan **305-253-5100 apre lè nòmal**. Ou kapab kontakte nou tou atravè sit wèb nou nan (www.chisouthfl.org) pou demand ki pa ijan e lè ou antre nan pòtal pasyan sou wèb la. Ou pral konekte avèk Ekip Swen Sante ou a oswa yon lòt nan Pratikan nou yo ki ap kouvri pou nou.
6. Ou gen aksè a sèten aspè nan dosye medikal ou ki enkli rezilta tès, lis medikaman avèk dyagnostik, sou entènèt atravè pòtal pasyan an. Tanpri pale ak youn nan manm ekip nou an jodi a pou yo montre ou kòman.
7. Yon karakteristik espesyal de Mezon Sante Konpòtmantal nan CHI a se ke ou ap gen menm aksè 24 è pa jou e 7 jou pa semenn a yon Pratikan Medikal, kòm ou te fè li avèk Pratikan Sante Konpòtmantal ou a.
8. Kòm nou se yon antrepriz kote ou jwenn tout bagay, nou kapab fasilman fè ou jwenn yon randevou pou ou wè yon Dantis oswa yon Optometris nan CHI amwen ke plan asirans ou an egzije nou pou sèvi ak lòt klinisyen nan kominote a.
9. Ou kapab genyen sèten pwoblèm avèk enkyetid ke nou pa kapab adrese nan CHI. Pou asire ke nou adrese tout bezwen sante ou yo, nou kapab detanzantan bezwen refere ou a yon lòt Espesyalis oubyen pou tès ak pwosedi. Bi nou se pou nou vize a jere tout **referans** yo a Espesyalis e pou pwosedi yo nan yon peryòd de 7 jou travay. Si ou pa resevwa okenn enfòmasyon sou yon referans sou 2 semenn, tanpri kontakte nou nan **305-278-6427**. Referans ijan yo jere nan mwens pase 3 jou. Li enpòtan pou ou asire ke ou fè swivi avèk nou apre tout

- referabs ou yo. Si nou pa espesifikman diskite rezilta referans ou an avèk ou e yon plan swen pou sa, tanpri pa asime ke rezilta yo te nòmal.
10. Ekip Swen Sante ou a ap responsab pou plase kòmman pou tès laboratwa ak renouvèlman preskripsyon. Ankò yon fwa, tanpri pa asime rezilta yo nòmal amwens ke ou te pale sou sa avè nou.
 11. Nou fè tout efò pou angaje ou ak fanmi ou oswa pwòch ou ki nan swen ou avèk desizyon sou swen e nan devlopman plan tretman ou.
 12. Nou gen staf ki pale plizyè lang e ki genyen anpil eksperyans avèk diferan kilti. Nou gen aksè tou a lòt moun ki kapab ede nou avèk sèvis tradiksyon pwofesyonèl si pèsonn nan nou pa kapab pale oswa konprann langaj ou.
 13. Detanzantan nou mande ou pou ou pataje enpresyon ou avè nou sou kijan nou pèfòme kòm Mezon Sante Konpòtmantal, e ede fè CHI tounen pi bon kote pou ou jwenn swen.

KONSÈY SEKIRITE

Sante ou ak sekirite ou TRÈ ENPÒTAN POU NOU. Ou menm kòm pasyan, kapab jwe yon wòl nan ede nou asire ke swen ou an sekirite lè ou patisipe aktivman nan pwòp swen ou.

Nou vle ou santi ou konfòtab lè ou fè bagay sila yo:

1. Asire ke staf nou an genyen **nimewo avèk adrès ki kòrèk pou ou a** de fason aske nou kapab jwenn ou nan ka ijans, pa egzanp, lè ou gen rezilta tès ki anòmal ki pou adrese anvan pwochen vizit ou.
2. Asire ke tout manm nan Ekip Swen an **konfime idantite ou** avèk de diferan pyès idantite pa egzanp Non ou ak Dat ou fèt lè yo rankontre avèk ou e anvan yo ba ou nenpòt tretman pswa anvan yo fè yon tès oswa yon pwosedi. Ou gen dwa te yon pasyan nou pandan plizyè lane mè li enpòtan ke nou konfime idantite ou pandan vizit ou.
3. Pa ezite di yon manm nan ekip nou an si ou panse ke li fè pran ou pou yon lòt moun/pasyan.
4. Pran swen pou ou **li tout fòm ak konsantman** pou pwosedi e asire ou ke ou konprann yo anvan ou siyen yo. Si ou pa konprann, mande doktè ou oswa yon manm nan staf nou pou esplike ou yo.
5. Atann ou aske yon manm staf klinik la pou **lave men yo**. Pa ezite mande yo ki dènye fwa yo lave men yo.
6. Tanpri ba nou nenpòt oswa tout enfòmasyon ki nesèsè pou ede nou ba ou swen ki pi bon pou ou a. Pa egzanp, tanpri asire ou ke ou ba nou yon istorik pèsònèl e fanmi ou ki konplè e ki presi, avèk tou non nenpòt medikaman avèk e san preskripsyon ke ou ap pran yo.
7. **Mande nou sou dyagnostik ou a avèk tretman ki planifye oswa pwosedi chirijikal.** Si yo pa-t ba ou enfòmasyon a lekri e ke ou ta renmen jwenn yo, jis mande sèlman.
8. **Mande ki objektif medikaman ak preskripsyon yo ba ou,** ki enkli efè segondè ki posib. Asire ou ke ou genyen lis ki pi resan nan medikaman ke wap pran yo. Sinon mande nou.

9. Anvan ou kite biwo nou an, asire ou ke ou konprann tout enstriksyon nou yo e ke ou fè randevou pou swivi ou a e ke ou konnen ki pwochen fwa doktè a vle wè ou.

Tanpri **PALE** si ou gen kekyon ak enkyetid. Si ou pa konprann, mande ankò. Pa pè mande sou sekirite ou. Di nenpòt manm ekip nou an si yon bagay pa sanble li fin sa nèt. Si enkyetid ou yo pa adrese tanpri mande pou ou pale ak yon avoka pasyan, yon moun nan administrasyon an, oubyen ou kapab rele nan 305 252 4853. Kòm yon òganizasyon akredite, nou gen obligasyon you pou enfòmè ou ke ou kapab kontakte “Joint Commission” [komisyon mikis la] si nou pa byen reponn a enkyetid ou sou sekiri